STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 28 oktòb 2011

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE AJANS ETA YO POU YO PREPARE POU YON POSIB TANPÈT NÈJ NAN WIKENN SA A

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande ajans eta yo pou yo prepare pou yon tanpèt nèj yo prevwa k ap vini avèk gwo lapli, nèj imid, ak van fò nan anpil pati Eta New York pou wikenn sa a, sitou ant pwent Sid Hudson Valley ak Capital Region. Direktè Operasyon Eta Gouvènè a, Howard Glaser, te mande pou gen yon konferans prese-prese apremidi a avèk moun ki alatèt ajans eta yo pou kowòdone efò planifikasyon pou tanpèt la.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Avèk move tan ki ka rive nan anpil kote nan New York, mwen mande tout moun ki nan zòn ki ka afekte nan tanpèt kòmansman sezon sa a pou yo prepare. Mezi nou pran kounye a, tankou asire gen materyèl pou ijans ki anplas, koute bilten metewolojik lokal, epi gen yon plan pou ijans, kapab sove lavi moun. Mwen ankouraje moun k ap kondi machin yo pou rete lwen wout la pandan move tan an."

Sou lòd Gouvènè a, Biwo Eta pou Jesyon Ijans (OEM) ak lòt ajans eta yo ap travay pou kowòdone repons eta a pou tanpèt k ap vini an. OEM Eta ap mobilize Sant Operasyon Eta a pou Ijans a midi nan samdi, epi l ap louvri biwo rejyonal li ki nan Dutchess County. OEM Eta a ap travay tou avèk Lakwa-Wouj Ameriken pou idantifye pozisyon abri ki ta ka disponib nan zòn ki te afekte nan dènye inondasyon an, sitou nan Greene County ak Schocharie. Depatman Sante Eta a notifye sant sante yo pou asire yo prepare pou posib move tan an.

Gouvènè Cuomo mande ajan ak otorite eta yo pou prepare pou posiblite blakawout akòz nèj imid k ap lakòz branch pyebwa yo tonbe sou liy kouran yo, epitou pou yo pare pou rebay kouran an san pèdi tan. Komisyon Sèvis Piblik Eta a ap travay avèk konpayi kouran elektrik yo sou efò preparasyon an, tankou mobilizasyon ekip yo, anbochaj kontraktè, ak kòmansman apèl pou mande èd youn pou lòt. Gouvènè a mande tou pou Depatman Transpò Eta a ak Lapolis Eta a prepare pou konsekans posib tanpèt la sou otowout eta a ak sou sistèm transpò yo. Chofè machin yo ta dwe planifye davans, epitou yo ta dwe pran plis prekosyon pandan y ap vwayaje nan zòn tanpèt la afekte yo.

Sèvis Nasyonal Metewoloji prevwa tanpèt sa a pral vini avèk anpil nèj imid apati samdi nan kèk kote nan Hudson Valley, Catskills, Mohawk Valley ak Capital Region. Li posib pou gen yon akimilasyon nan sis (6) a douz (12) pous nèj avèk kantite k ap ogmante nan altitid ki pi wo yo. Yo prevwa van yo pral fò. Pou kounye a, yo prevwa tanpèt la ap kòmanse samdi maten avèk lapli nan Vil New York, Long Island, ak nan sid Hudson Valley, epi pou li chanje an nèj pita nan jou a palòtbò rejyon nò Vil New York.

-kontinye-

Nouyòkè ki gen kesyon konsènan fèmti wout yo ak konsekans posib tanpèt la sou transpò komen ak sou sèvis tren an ta dwe rele 511, oswa yo ka ale nan sitwèb www.511ny.org. Liy 511 lan gen enfòmasyon sou wout Eta New York, sou State Thruway, sou MTA tankou chemennfè Metwo-North (Metro-North Railroad), chemennfè Long Island Railroad, Sèvis Transpò Komen Vil New York, pon ak tinèl MTA yo, ak otobis New York ak Long Island.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418